INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY
International scientific journal
ISSN: 2992-8885
VOLUME: 2 ISSUE: 6

# SIYASATTA QARA HÁM AQ PRDAN PAYDALANIW ÁMELIYATI

**Baxitova Jasmina Arman qızı,**
*Qaraqalpaq mámleket universiteti student*

***Annotaciya:*** *Maqalada PR haqqındaǵı tiykarǵı túsinikler hám onnan ámeliyatta paydalanıw ózgesheligi úyrenilgen. Sonday-aq, PRdıń reńli klassifikaciyası keltirilip, siyasatta qara hám aq Prdan paydalanıw ámeliyatı haqqında sóz baradı.*

***Gilt sózler:*** *Pablic releyshnz, reklama, PR menedjer, aq PR, qara PR, sarı PR, jasıl PR, kúlreń PR, hakı PR.*

PR – tek ǵana baylanıs texnologiyaları emes jámiyetshilik menen baylanıslar boyınsha qánigeler yamasa PR menedjerler isbilermen hám kárxanalarǵa jámiyette óz abıroyın asırıwǵa járdem beredi. Sonıń menen birge, olar qáwip tuwılǵanda qarıydardıń abıroyın qorǵawǵa járdem beredi PR túrli pullı hám kommerciyalıq baylanıs kanallarınan paydalanadı, atap aytqanda :

- Dástúriy ǵalaba xabar quralları;
- Sociallıq tarmaqlar;
- Jeke baylanıs

PR yamasa jámiyetshilik menen baylanıstıń anıq anıqlamasın keltiriw qıyın. Olardı marketing yamasa reklama menen tolıq baylanıstırıp bolmaydı.

2012-jılda Amerika Jámiyetshilik menen baylanıslar jámiyeti (PRSA) PR ne ekenligi haqqında juwmaqlawshı qarar qabıllawdan aldın bir neshe mıńnan aslam PR haqqında tariyplerdi kórip shıqtı hám tómendegi juwmaqtı keltirdi:"Jámiyetshilik menen baylanıslar (PR - Public Relations)" bul – shólkemler hám jámiyetshilik arasında óz-ara mápli baylanıslardı ornatıwǵa múmkinshilik beretuǵın strategiyalıq baylanıs procesi".

PR tek keń mániste unamlı pikir bildiriw ushın isletilmeydi Ol, sonıń menen birge, unamsız hádiyseler, qarıydardıń abıroyına ziyan jetkiziwi múmkin bolǵan zıyandı aldın alıq boyınshada jumıs alıp baradı.

PR túrleri kóp. PR salasında hár bir mániste reń boyınsha klassifikaciya qollanıladı Bul shártli klassifikaciyalaw sizge ol yamasa bul PR qanday usıllar menen ámelge asırılıwın intuitiv túrde túsiniwge múmkinshilik beredi. Olar aq, qara, sarı, jasıl, kúlreń hám haki reńli PR. Biz izertlewimiz arqalı siyasatta aq hám qara PRdan paydalanıw ámeliyatın kórip shıǵamız.

Qara PR – arnawlı bir shaxs yamasa shólkemdi obroysızlandırıw yamasa jaǵdaydı qıyınlastırıw procesi bolıp tabıladı Bul túsinik 90-jıllardıń baslarında payda boldı hám siyasiy yamasa kommerciya baǵdarındaǵı informaciya tarqatıwdı ańlatadı, onıń ushın rásmiy bolmaǵan tólem ámelge asırıladı.

Qara PR – zamanagóy siyasiy ortalıqtıń ajıralmaytuǵın bólegi esaplanadı. Bul nadurıs básekiniń bir túri bolıp, ol jerde qaysıdur bir tárep básekelesin tuwrı yamasa unamsız maǵlıwmattı tarqatıw arqalı joq etiwge umtıladı.

Qara PRdıń tiykarǵı qásiyetleri tómendegishe:

- bilip turıp ótirik maǵlıwmattı tarqatıq, eger ol haqıyqat bolsa da, ádetde bul ruxsatsız alınǵan;
- qanday da shaxs yamasa shólkemdi abıraysızlandırıwı múmkin;
- jámiyetke usınıs etiletuǵın maǵlıwmatlar kóbinese ádep-ikramlıq normalarına sáykes kelmeydi;
- qara PRdıń wazıypası básekileslerdi joq etiwden ibarat;
- ǵalaba xabar qurallarında zıyanlı maǵlıwmatlardı jaylastırıw ushın pul tólenedi;
- zıyanlı maǵlıwmatlar ádetde málim bir maǵlıwmattı óz ishine aladı ;
- zıyanlı maǵlıwmatlar mudamı anonim túrde uzatıladı;
- qara PR kampaniyasın ámelge asırıw úlken materiallıq qarjılardı talap etedi.

Qara PRdıń eń keń tarqalǵan texnologiyası "eskertiwshi" betlerdi tarqatıw bolıp tabıladı. Olardı pochta qutılarına taslanadıl, kóshelerge tarqatıp jiberiledi, qapılar ústine jabıstırıladı.

Qara PRdıń jáne bir  texnologiyası – qarsılası haqqında jalǵan maǵlıwmat tarqatıw bolıp tabıladı.

Aq PR – kampaniya yamasa xızmetker haqqındaǵı isenimli faktlarni tarqatadı. Aq PR texnologiyası subyekttiń ózi tárepinen tek unamlı tárepke usınıs etiledi, onıń maqseti abıroydı asırıw hám jámiyetshiliktiń isenimine erisiw, itibardı tartıw. Olar ádep-ikramlıq normalarǵa tiykarlanǵan hár qanday nızamlı usıllardan paydalanadı.

Aq PRdıń tiykarǵı maqseti qarıydar hám onıń mútajliklerin qanaatlandırıwdı qálegen subyekt penen ushırasıw, sonıń menen birge, unamlı imidjdi qáliplestiriw bolıp tabıladı. Unamlı abıroyǵa iye bolıw, orın hám tásirdi asıradı. Orın hám abıroy óz gezeginde joqarı reyting kórsetkishleri esaplanadı.

Aq PRdiń tiykarǵı texnologiyası ǵalaba xabar qurallarında úgit-násiyatlaw bolıp tabıladı Buǵan kandidattiń saylaw aldı kórsetkishleri, tartıslar, kandidat haqqındaǵı televideniede shıǵıwlar, Internette kandidattiń unamlı imidjini qáliplestiriw hám saqlaw, maqalalar, intervyular kiredi. Bunnan tısqarı, sırtqı reklama, yaǵnıy bannerler, stendlar.

Aq PRdıń keń tarqalǵan texnologiyası mánzilli úgit-násiyatlaw bolıp tabıladı: jámiyettiń eń keskin hám aktual máselelerine shaqırıw. Saylawshılardıń itibarın tartıw hám olardıń isenimin erisiw tiykarǵı wazıypa esaplanadı. Tabıslı tásir

kórsetiwshi obyektler social jumısshılar, shıpakerler, oqıtıwshılar, yaǵnıy jámiyette abıroyǵa iye bolǵan adamlar, sonıń menen birge ápiwayı jumısshılar bolıp tabıladı.

Juwmaqlap aytqanda, Ózbekstan siyasiy ámeliyatında PRdıń qara texnologiyası da, aq texnologiyası da ámeldegi degen juwmaqqa keliwimiz múmkin. Qara texnologiyalar siyasatshılardıń ózleriniń saylaw aldı góresleri boyınsha qarsılasların joq etiw háreketlerin ańlatadı. Sonı da aytıp ótiw kerek, qara PR etika shegarasınan shıǵıp ketetuǵın usıllardan paydalanadı. Aq PR bolsa subyekt hám jámiyet arasında óz-ara baylanısqa iye bolıp, óz-ara sheriklikke tiykarlanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Черный PR и белый PR. Lineweb. [электронный ресурс]. – Режимдоступа: http://lineweb.ru/studio/article/19/. – Заглавие с экрана (датаобращения: 18.03.2024 г.).
2. Черный PR: понятие, технологии, примеры. Businessman.ru.[электронный ресурс]. – Режим доступа: https://businessman.ru/chernyiy-prponyatie-tehnologii-primeryi-pr-kampaniya-chernyiy-piar---toje-piar.html. –Заглавие с экрана (дата обращения: 15.03.2024 г.).
3. Ягодкина, М.В. Реклама в коммуникационном процессе:учебно – методическое пособие – СПб.: Питер,2014 г.
4. ТулкинЭшбеков. Пиар в Узбекистане. Ташкент, 2020
5. PRESS LANGUAGE IS A QUALITY OF LITERARY AND ORAL LANGUAGE SIZE. G Seitnazarova - Конференции, 2020
6. Relativity of the Genre, Theme, Idea and Image in Artistic Expression. SG Suxanatdinovna.